

Yo grandi tèlman vit.

Kounye a se chans pa w pou w prepare avni yo.



Si yon timoun nan kindègadenn lè yo konte l nan resansman k ap fèt nan prentan 2020 an, l ap fèk antre nan lekòl segondè lè pwochen resansman an ap fèt an 2030: sa reprezante dizan 10 ane depans nan founiti klasik, nan pwofesè, nan fè bwat pou al lekòl, ak plis pase sa toujou. Se yon opòtinite ou genyen pou w garanti yo yon avni ki sèten.

Aktyèlman, elèv nan tout peyi a ap pran fòmasyon sou eleman de baz resansman 2020 an grasa yon pwogram ki rele “Estatistik nan lekòl”. Pwogram sa a pèmèt lekòl yo gen aktivite ak resous ki gratis pou yo prepare elèv yo pou yo viv nan yon monn k ap vin depann de enfòmasyon pipilis chak jou.

Elèv yo aprann nan resansman 2020 an se konte y ap konte chak grenn moun k ap viv ni nan Etazini, ni nan lòt tèritwa ki pou Etazini. Lè w patisipe nan resansman an, se ede w ede kominote pa w la jwenn pòsyon li merite jwenn nan finansman an. Grasa enfòmasyon k ap soti nan resansman an, gouvènman an ap konnen kijan pou l distribye plis pase 675 milya dola nan finansman federal la bay eta yo ak kominote yo, chak ane, pou lekòl, lokal pou bay swen lasante, wout, transpò, espas pou moun divèti yo, sèvis sosyal ak plis bagay toujou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason w ka prepare avni w, ale sou 2020CENSUS.GOV/ht.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ki rele “Estatistik nan lekòl” la sou CENSUS.GOV/SCHOOLS.

Men lòt bagay enpòtan elèv yo ap aprann sou resansman 2020 an. E nou vle pou w okouran de sa:

- Apati mwa mas 2020, w ap bezwen konte chak moun k ap viv lakay ou. Sa gen ladan l timoun piti, tibebe ki fèk fèt, moun ki sitwayen ameriken, moun ki pa sitwayen ameriken, moun ki fanmi w, moun ki pa fanmi w e menm moun ki abite lakay ou pou yon ti tan.
- Li potko janm fasil konsa pou yon moun patisipe nan resansman. Ou ka bay repons ou yo nan 13 lang diferan e ou ka ranpli fòmilè a swa sou entènèt, swa nan telefòn, swa pa lapòs.
- Repons w ap bay yo ap an sekirite e y ap byen pwoteje. Lalwa fè Biwo Resansman Etazini an egzijans pou l kenbe enfòmasyon w ap bay yo konfidansyèl e pèsonn pa gen dwa sèvi avèk yo kont ou, nan okenn fason.

Ou gen pouvwa pou w prepare avni w, ak avni tout timoun, lè w konte tout moun ki lakay ou nan kad resansman 2020 an.



Prepare
Avni W
KÒMANSE ISIT LA >

United States
Census
2020